Ассаламу гIалайкум!

# ЩIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул 9 декабрь РУЗМАН

№51 (7434)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Хиса-баси



ДРялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул указалда рекъон (№339 28 ноябрь 2016 с.), мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул бетIерасул ваккиллъун тIамуна Камилов МухIамад Саидович.

2007-2015 соназ МухIамад хIалтIана нилъер районалъул бетIерлъун.

Баркула МухIамадида цIияб хъулухъ, гьарула сахлъи, рохел ва икъбал.

## Конференция тIобитIана

1 декабралда Агъвали тIобитIана «Цогояб Россия» политикияб партиялъул бакIалъулаб отделениялъул конференция. «Цогояб Россия» политикияб партиялъул бакIалъулаб отделениялъул исполкомалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевас бицана хIисабкьеялъул заманалда жаниб гьарурал хIалтIабазул ва цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

Конференциялда «Цогояб Россия» политикияб партиялъул бакIалъулаб отделениялъул секретарьлъун вищана АнвархIажи Вечедов. Гьединго рищана контролияб комиссиялъул членал ва «Цогояб Россия» политикияб партиялъул республикаялъулаб конференциялде делегатал.

27 ноябрь-Эбелалъул къо

## Улбузул байрам кIодо гьабуна

Щибаб соналъул ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ нилъер улкаялда кIодо гьабула эбелалъул Къо. Эбелалъул цIаралда бухьараб буго нилъер щивасул гIумру. Гьей йиго рукъалъул гьанситохъ цIа цIунулейги, хъизамалъул тIалаб-агъазалда гIумру тIамулейги гIадан.



Кидаго гIадин, улбузе гьарзаяб тепсиги гIуцIун, рохалилаб къагIидаялда тIобитIана исанаги гьеб байрам халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул хIалтIухъабаз.

Данделъи рагьулаго, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул нухмалъулей Марзигат МухIамадовалъ киналго руччабазда баркана байрам, бицана лъималазул гIумруялъулъ эбелалъул бугеб кIваралъул.

Баркиялъулал кIалъаял гьарун улбузда цере рахьана гьеб идараялъул нухмалъулелъул заместитель Зайнаб ГIабдулмуслимова, районалъул руччабазул Советалъул председатель Асият Ибрагьимова, социалияб рахьалъ халкъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул хIалтIухъан Мадина Измаилова, Агъвали гьоркьохъеб школалъул учительница Написат МухIамадова.

Жидерго кIалъаязулъ улбуз бицана лъимал гIезарулаго, бихьараб гIакъубагIазабалъулгун жидеда дандчIварал захIмалъабазул.

Цереккунго халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъ лъазабураб эбелалъул хIакъалъулъ хъварал кучIдузул, сочинениябазул ва суратазул конкурсазул хIасилал рачана, бергьаразе кьуна грамотаби. Тадбиралъул ахиралда данделъиялда гIахьаллъарал улбузе кьуна сайгъатал.



Улбузе жидерго кучIдулгун баркиял сайгъат гьаруна Агъвали гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазгун «Бакъ» ва «Теремок» ахазул гьитIичаз.

Улбуз баркала загьир гьабуна жидее гьабураб хъулухъалъухъ.

**З. Сажидова**

Конкурс

## Умумузул гIадатал

**Огь, чанги гIадат буго магIаруллъиялда,**
**ГIадамаз жиб босани, гIалам бахиллъулеб.**

Чанги некIсиял гIадатал руго умумуз нилъее ирсалъе тарал: ихдалил байрам-оцбай, их чIейгун мугьбай, гьава-бакъ багIаригун цIад гьари, васасе яс гьари, гваял гьарун цIоросаролъ чIучIине цIадухъ ракIари ва цогидалги.

Гьел некIсиял гIадатал цIияб гIелалда кIоченчIого рукIиналъе гIоло районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIадеги лъай кьеялъул отделалъ санайил тIобитIула «Росдал гIадатал» абураб конкурс. Исана гьеб конкурсалда гIахьаллъана районалъул анцIила анлъго школазул командаби. Щибаб школалъул цIалдохъабаз жигар бахъана жидерго росдал гIадатал рихьизаризе.



Лулбиги росун, сценаялдаго лал тIамуна тIиссисезул цIалдохъабаз, вас гьавиялъул рохел гIахьал гьабун, мавлид ахIана агъвалисез, цIадухъ ракIарун, цIоросаролъ чIучIине ракIариялъул гваялъул гIадат бихьизабуна эчедисез.



Жюриялъ бищун лъикIаблъун рикIкIана ТIадгьаквари росдал церерахъин, кIиабилеб бакI кьуна Гьигьалъ росдал командаялъе, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Инхокъвари школалъул цIалдохъабазул къокъа. Цогидал росабазулги рукIана лъикIал церерахъинал ва гьел кIодо гьаруна грамотабаздалъун.

**Суратазда:** ТIадгьакварисезул команда ва Гьоркьгьаккварисезул церерахъин.

**М. Къасумов**

## Депутат верен своим предвыборным обещаниям

Приход новых людей в Народное Собрание Республики Дагестан дает надежду гражданам на их более активную деятельность по решению социально-экономических проблем муниципалитетов. На прошедших выборах бизнесмен Абдурахман Камилов подавляющим большинством голосов избирателей района был избран депутатом Народного Собрания Республики Дагестан на второй срок.



И люди не ошиблись. Абдурахман с первых дней своей депутатской деятельности уделяет много внимания самым острым проблемам района. В текущем году на собственные средства он начал строительство спортивного зала в селе Тинди, на стадии завершения находится спортзал в селении Гадири (остались внутренние работы), оказана помощь техникой в реконструкции автодороги в село Кванада, выделено соответствующее оборудование для строительства пешеходных мостов через речку «Инхокваринка» и реки Андийское Койсу в сторону села Инхоквари, продолжаются работы по строительству автодороги Агвали-Хушет через Метрада и В-Хваршини.

Кроме того, в текущем году с использованием своей техники Абдурахманом Камиловым отремонтированы и реконструированы внутрипоселковые автодороги : с. Кеди – 3 км, с.Гадайчи –более 2-х км, с.Кочали- 4 км, с. Сильди -1 км, с. Цедатли – 4 км, с. Нижнее Гаквари – 12 км, строится автодорога в с. Халих, а также выделен трактор Т-170 для обслуживания вновь строящейся автодороги в села Н.Хваршини, В-Хваршини и Цихалах.

Также, депутат безвозмездно подарил 4 трактора Т-170 селам Тинди, Верхнее и Нижнее Хваршини, Верхнее и Нижнее Гаквари и Кочали. Население района довольно своим депутатом и выражает ему огромную признательность за заботу в улучшении инфраструктуры района.

В планах Камилова Абдурахмана на последующие годы также очень много интересных и полезных проектов для реализации в районе.

**Али Шарапгаджиев,**
пресс-секретарь главы района

## День Неизвестного Солдата

3 декабря в России, начиная с 2014 года, отмечается новый праздник-День Неизвестного Солдата-в память о российских и советских воинах, погибших в боевых действиях на территории нашей страны.

В связи с этой памятной датой в Агвалинской средней школе провели торжественную линейку.

Учащиеся 9 класса под руководством Раисат Магомедовой подготовили праздничное выступление, рассказали об истории возникновения Дня Неизвестного солдата, прочитали стихи, спели песни на военную тематику. В голубое небо выпустили разноцветные шары в честь неизвестных солдат, которые отдали свою жизнь за Родину.



После этого состоялось торжественное возложение венков к мемориалу Неизвестного солдата.

Неизвестные солдаты- защитники Отечества. Мы не знаем их имена, но наш долг -помнить о них и воспитывать уважение наших детей к их подвигам. Наша молодежь должна знать великую историю своей страны и гордиться ею.

**Не померкнет их слава в сердцах.**
**Укрепляется память с годами.**
**У народа жить будет в веках,**
**Тот, кто бился жестого с врагами.**

**З. Сажидова**

**Образование в лицах**

# Особая профессия

Никто не будет отрицать, что профессия учителя -особая. Как важно научить ребенка считать, писать, самое главное- самостоятельно мыслить, чтобы знания для него стали радостным открытием. Именно к этому стремится учительница начальных классов Агвалинской средней общеобразовательной школы Абдулаева Айшат Магомедовна-интересный педагог, широко эрудированный, творчески относящийся к своему делу, принципиальный и требовательный. Абдулаева Айшат тщательно готовится к урокам, проводит их живо и интересно, добывается чтобы на уроке каждый ребенок чувствовал к себе ее внимание. Она стремится поддерживать у своих учащихся интерес к знаниям, внимательно следит за духовным ростом своих учеников.



Посещая уроки Айшат видишь, как она умеет активизировать класс, найти для каждого ученика посильное задание, дать возможность ребенку проявить свои способности. Она воспитывает в своих учениках доброту и отзывчивость, учит их помогать друг другу.

Уроки Абдулаевой всегда интересны и разнообразны. Она применяет различные формы и методы работы, используя многочисленные наглядные пособия и икт.

А сколько замечательных внеклассных мероприятий, праздников проводит она. Очень много.

Жизнь ее учеников разнообразна и интересна. Они принимают активное участие в различных конкурсах, праздниках в школьных олимпиадах.

Айшат Абдулаева поддерживает связь с родителями. Вместе они ходят на экскурсии, праздники. Она приветлива, доброжелательна, честна и ответственна, в меру строга и справедлива.

За плодотворную работу она отмечена почетной грамотой Министерства образования и науки Республики Дагестан.

От всей души поздравляем Айшат Магомедовну. Пожелаем ей крепкого здоровья, долголетия и дальнейших творческих успехов в работе.

........................

# Основа успеха - любовь к детям

40 лет работает учительницей начальных классов Хайбулаева Халимат Магомедовна. Веселая, энергичная, Халимат Магомедовна ведет своих учеников от простого к сложному, учит тому, без чего человеку в жизни не обойтись. Она прекрасный педагог, мастер своего дела. Свой первый выпуск помнит до сих пор. Не щадя ни сил, ни времени она всю себя отдавала детям. Строгая и ласковая, требовательная и умеющая прощать за ошибки, она подбирает ключик к сердцу каждого ребенка. Халимат Магомедовна умеет слушать и слышать каждого ребенка, понимает и любит не только хорошего, послушного ученика, но и того, кто доставляет хлопоты. Её уроки всегда интересны. На уроках царит обстановка доверия и уважения к детям. Большое внимание учитель уделяет индивидуальному, дифференцированному подходу в обучении.

Применяемые разнообразные методы обучения подчинены главной задаче- формированию самостоятельности, желанию учиться добывать новые знания, поддержанию у учащихся работоспособности. Своим опытом Халимат Магомедовна делится с коллегами, выступает на методическом объединении учителей начальных классов, на семинарах, проводит открытые уроки, посещает уроки молодых специалистов и дает им советы.



Приводя своего ребенка в первый класс родители старались непременно отдать в класс Халимат Магомедовны.

По ее словам она одинаково сильно привязана и к школе, и к дому, счастлива и в своих детях, и в учениках, «Всю себя отдавать детям»- таков девиз Халимат Магомедовны.

**П. Иманшапиева, Зам. директора Агвалинской средней школы**

МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ ракIалдещвеял

# Гьелде ахIулел рукIинчIо нилъ МухIамадил асараз



ГIабдурашид Саидов

Исана 25 декабралда 100 сон тIубалеб буго дир имгIал МухIамад Шамхалов гьавуралдаса. Гьев дие вукIана мисалияв инсанлъунги, гIакъилав насихIатчилъунги, ракIрагьарав гьудуллъунги. Дун вохарав ва чIухIарав вуго гьединав махщел камилав, пагьму-гьунар тIокIав хьвадарухьан нижер тухумалъул вук1иналдаса. МухIамад вукIана ритIухъльи бокьулев, захIмат хирияв ва жавабчилъи цIикIкIарав инсан.

Дагъистаналъул адабияталда гьев машгьурлъана пасихIав журналист ва хьвадарухьан хIисабалда. МагIарулазул адабияталъе МухIамадица нахъе тана бечедаб ирс. Гьев ккола кьогоялдасаги цIикIкIун тIахьазул автор.

Гьесул асаразул рахьалъги цокIиго асараздаса батIа гьарурал сипатазе дирго кьимат кьезе бокьун буго дие.

АбичIого чара гьечIо, авар мацIалде дир гIелалъул рокьи бижизабуна тIоцебе Агьвали школалда дие дарсал кьурав мунагьал чураяв Г1алиев МухIаматIагьирица. Хадуб, студентлъун вугеб заманалда щолаан МухIамадихъ. Нилъер багвалазул мацI бугониги, МухIамад гIагарлъигунги авар мацIалда кIалъалаан. Дида кколаан досда рахьдал мацI кIочон тун батилин. Дица цо нухалъ суал кьуна МухIамадие: «НилъергоI мацIги лъалаго букIун, щай мун кидаго дунгунги, цогидал лъандалгунги магIарул мацIалда кIалъалев? Дидаго ккун букIана дуда багвалазул мацI лъаларин, кIочон бугин абун». Дос дие кьуна гьадинаб жаваб: «МацI ккола устарасул кодоб бугеб алат. Гьеб алаталда бараби букIуна устарасул хIалтIи ва гьеб хIалтIул хIасил. Берцинаб, бечедаб, нилъер багвалазулалдаса хIалтIизабизе бигьаяб ва эркенаб, устарасда кодоб алат гIадаб, мацI ккола авар мацI. Гьеб гIиллаялъ дица авар мацI хIалтIизабула. Гьеб алат кьачIай, гьеб алатгун хIалтIизе лъай, махщалида ва берцинго гьеб хIалтIизабизе ругьунлъи тIадаб буго нилъеда. Дир авар мацI буго дир алат (инструмент)». Гьелдаса нахъе словараздалъун, асараздалъун жигар бахъулаан дицаги авар мацI бечед гьабизе. Диегоги авар мацI устарасул кодоб бугеб алатальде свердаb, гьеб берцинлъизабизе, кьачIазе, бечед гьабизе гIамал гьабулаан дица, гIумруялъул сухъмахъаз дунго рикIкIаде реханиги.

Мискинаб, захIматаб, язихъаб, бесдалаб лъимерлъи бихьарав чи вукIана МухIамад. 1971 соналдаса нахъе лъалаан дида МухIамад. Инсуца г1емер бицунаан гьесул хIакъалъулъ. Г1умруялда жаниб МухIамад бищунго вохарав кьо, гьес бицухъе, магIарухъе хьизамлъималгун щвеdал, гьесул яс Таня чода рекIизаорай, тIуркIун-хьамун чуги бекерун, дагьаб хутIанила кьурул парсалдаса гьоркье йортизе. Гьеб ккана Лъондода дир беразда цебе, мунагьал чураяв МухIамадил гьитIинав вац ГIабдулагьица чода рекIизаюрай Таня, нижеца чода аскIоса гали бахьиналдего, чу тIад Танягун боржун-бортун ана. МухIамад, кIиябго квералъ бетIерги ккун, гали бахьизе кIвечIого хаган хутIана. Дунги ГIабдулагьи рекерана чода хадур: «Таня, чIолорхъо дудехунго цIай!»- абун ахIдолаго. Аллагьасе рецц, чу хадур гъурал нижеца чIезабуна ва хIинкъун гьурмада кьер тIагIарай Таня чодасан яхъана.

Цоги МухIамадил бицунаго, абичIого рес гьечIо - досул букIана пандур. Сувенир хIисабалда гуребха, гьоркьо-цебе хIалтIизабулаан дос пандур. Кодобе босун чIвабзазда кIутIигун, пандур гIодизабулаан дос. Дида дос гIадин берцинго пандур хьвалев чи профессионалазда гьоркьовцин кьанагIат вихьана. Цо нухалда абуна гьас дида: «Фронталдаса вачIарав дур кIудада хведал дур кIодоца гьабураб магIу буго гьаб» абун ва кодобе босана пандур. Унго-унгоги бераздаса магIу чвахулебгIадаб асар гьабулеб бакьан бачана МухIамадица пандурида. «Дур кIодол магIу буго гьаб».

Цоги, дица газета цIалдолезул пикру буссинабила гьадинаб жоялде. ГIемерисезда лъалеб жо буго, 1960-1970 соназда хьвадарухьаби рукIана кутакалда хIинкъи бугеб профессиялъул чагIи. Щай? Аллагьас цIунаги, цо партиялдаги пачалихъалдаги рекъон кколареб жо хьван борчIани, тамихI букIана гьезие гIасияб. Гьелго соназда нилъеда лъала хьвадарухьаби Даниэль, Синявский, Солженицынил бицинего бицинаро-кьалмица хьвараб жо сабаблъун туснахъалде ккана. Пачалихъ тезе ккаралги, туснахъалде ккаралги гIемер рукIана хьвадарухьаби. Дида ккола МухIамад Аллагьасго цIунанин гьединаб балагьалдаса, гьединаб кьисматалдаса. Щай дида гьедин кколеб? 1960-абилел соназда кьват1ибе бачIана гьесул «КIкIалахъ бахъараб кьвагьи» абураб асар. ЦохIо хIужа босизин, чанго мухьалдалъун хьвараб. Гьениб буго гьадинаб сипат: Рагьда лъукьун тIадвуссарав БагIар армиялъул магIарулас жиндирго росулъ дандельиялда клубалда ракIараразда бицунеб буго ВатIан цIунизе, фронталде ине ккеялъул, бахIарчилъи бихьизабизе ккеялъул, нилъер армиялъ росулел бергьенлъабазул, кьаби лъолеб бугила тушманаца, церехун унел ругила нилъер аскарияl абун патриотикиял ахIиял кьолел руго гьас. Залалда вугев Юнусин абун цIар бугев росуцояс аскIов гIодов чIарасул гIинзунибе шурулеб буго: «ВахI, гьас бицунеб жо щиб?! Сордо-кьоялда жаниб 40 километраль нахъкьабулеб буго БагIараб армия, гIорхьи гьечIого гьурула руго нилъер аскарияl! Нахъехун тIурула бугеб армия, цебехун унеб бугин абун гьереси щайдай гьас бицунеб?» - абун. АскIов вугес жаваб кьолеб буго: «БитIараб бицани, букIунеб лъалельул досда!». Гьаб букIана 1960-абилел соназда! Гьадинал рагIаби абурал КГБ-ялде ахIулаан доб заманалда ва тамихIалде цIалаан!

КIиабилеб хIужа. «ВатIаналъул унти». Гьеб асар «Гьудуллъиялда» бачIараб заман дида ракIалда буго. «Гьудуллъи» журнал букIана кIиябго гьоркьияб бокIон чIегIерлъараб, хIул-хIуллараб, басрияй кьуръанал рукIунаан доб заманалда гьединал. Гьелде сверун букIана журнал квердаса кверде кьун, цIалун. Мухъ букIана гьеб цIализе иргаялда чIаразул: «Дуца цIалун бахьарабго, дихьеги кье цIализе!»- абун шурулаан цояс цогидасде. Доб журнал кьватIибе бачIингун, буюрухъ бач1ана гьеб журналъул номер библиотекабаздаса, «Союзпечаталдаса» нахъе ахIизе ва туснахъ гьабизе. Подписчиказ хIинкъадго, рахчана журналал ва гьединго балъго цIализе божаразухъе кьолаан букIараб гьеб номер. Щибха доба букIараб жо? 1960-1970-соназда Солженицын ва Сахаров гIадал чагIаз абулеб букIана гIурхьи гьечIеб, цоцазда божильи бугеб, дандечIей гьечIеб ракълилаб дунял гIуцIизе кколилан. Гьеб пикру букIана доб заманалда такъсирияб пикру. Гьелго соназда МухIамадица «ВатIаналъул унти» абураб асаралъул аслияв багьадурасул кIалдир, туркиялда вугев магIаруласул кIалдир лъолел руго гьадинал рагIаби: «Я вац, кигIан инжитаб, кьабихIаб жоха гьаб, гIадамал ратIа гьари, гIорхьабийилан цIарги лъун, пачалихъал, халкьал, цоял цоязда данде чIезари! Гьаб жоги Политикайищха кколеб?! Кида гьаб гIадаллъи дунялалдаса тIагIине бугеб?» - абун. Гьаби букIана тIубараб антисоветщина. Гьединал ва гьелдаса бергьарал каламал гIемер руго гьеб асаралда. Аллагьасе рецц, доб заманалда гIурус мацIалде буссинабичIого, гьеб асар авар мацIалда хутIараб! Амма довe-гьаниве цIан, гара-чIвариязде ахIун, бетIрол унти гIемер гьабуна МухIамадие гьеб асар сабаблъун.

Довгун цадахъ гIемер щолаан дун досул дачалде, гьатIан кьоялъ унаан досие кумек гьабизе. Гьенир хIалтIулаго, бицунаан гьас тIубанго гьеб «ВатIаналъул унти» хьвазе ккараб гIилла, гьельул асаралде инчIелги цо-цо хIужаби, хьван хаду бжиндие кьураб зулмуялъул, обкомалъгун КГБ-ялъ жиндие гьабураб «антисоветияб, ахIмакъаб, заралияб асар буго» абун бадирчIваязул.

Цоги буго «ВатIаналъул унтиялъул» жиндирго хаслъи. Доб заманалда хьвадарухьанас букIа, журналистаз букIа, диссертация хьвалес букIа цо пуланаб жо хьвалаго, тIоцебесеб абзацалда хьвазе кколаан партиялъул гIакъиллъиялъул, генсекасул цIодорлъиялъул, «пленумалъ бицана...» -«съездалъ абуна...» - абурал рецц-бакьал. Хадуб хьвазе кколеб букIана хутIарабщинаб. МухIамадил «ВатIаналъул унти» байбихьулел, тIоцересел рагIаби рукIана «Ассалату васаламу.......» - абун как ахIулел рагIаби! Доб заманалда как ахIи рагIулел росаби рукIинчIо! ЧIварахан босун как ахIиялдаса байбихьун гьаб асар хьвазе кканани, гIорхьолъа борчIараб бихьинчилъи букIине ккола чиясул, хIинкъи гьечIолъи букIине ккола чиясул. Дов вахьнамахIав чи вукIинчIо, кколеб хIасил бичIчIичIого букIине, ахир бихьичIого букIине. Дов хIадур вукIана жинца хьвараб щибаб рагIиялъул жаваб кьезе. Аллагьасе рецц - туснахъалде ккечIо, цоги-цоги балагьалде ккечIо. ХIалтIудаса ватIальанаха, хинкI гьечIого хутIичIо.

Цоги буго гьадинаб жо. МухIамадил рухIияб рахьалъе кьимат кьолеб, гьесул дунялалде, сверухъ ругездехун бербалагьи бихьизабулеб сипат. Дир гIелалъул гIадамазда бичIчIилаУниверситеталъул площадалдаса радал сагIат 6-ялда газа-рахангун, хадиро-белгун, кьвалакь гьаби ккун, автобусалда рекIулаан ниж Учхозалда бугеб дачаялде ине. Доре унелъул автобус чIобогояб букIунаан. Нахъ руссун гьабго алатгун унаан рокъоре. Цоги, кIиго нухалъ бугIун цIураб 18-абилеб автобусалда рекIине ккедал, гьебги цо биччалаан автобус, цогидаб биччалаан санагIатаб щвезегIанцо хIетIе автобусалдаги ххезабун, далунцин пассажирал ругеб бугIун цIураб автобус - гьадин чанго нухалда руссине ккедал, дица гьикьана МухIамадида: «МухIамад, гьаб газа-раххан, тIолго алатал нилъеца дачаялдаго тезе бегьулареб щай?»- абун. «Бегьуларо, хадусалалъ рачIиналде батуларо, бикьула.», - ян абун жаваб кьуна МухIамадица. Пикру гьабеха газа-рахханцин тезе бегьулареб дача, гIодор чIезе бакIищ доба букIараб радиоприемникалъул, цоги цIарагIалъул бицинего бицинарин! Хадубккун цоги суал кьуна дица МухIамадие: «Я, МухIамад, дур хIалтIуда дуда бухьараб машина буго гурищ. Радални рачIина нилъ автобусалда рекIун, щай гьатIан кьоялъ бакъанида-маркIачIуда доб машинагIаги ахIулареб нилъеда хадуб, гьабгоцинаб кьайигун нахъруссине бигьалъиларищ нилъее?», -ян абун. «ГIолохъанчиясул пикруялъул мукъсанлъиялъ, мекъльиялъ буго дун гIажаиблъулев!»,- абун согIаб жаваб кьуна гьес дие. «БичIчIичIо, кинаб мекълъи, кинаб мукъсанлъи?»,- абун тIад вуссун дица суал кьедал абуна гьас дида: «Дуда щай бичIчIулареб, дов дир шоферасулги гIодобкъо букIин. Унтарай эбелалда аскIов ватизе бегьула дов, лъимал-хьизамгун кинолъде, театралде ине хьулгун батила дов, берталъ сухIмат-кепалда вукIине бегьула дов. Дица ахIана абун, букIаралъуб букIарабги тун, дир хIурмат гьабун вачIина дов. Амма дица досие КВАЛ-КВАЛ ГЬАБИЗЕ БЕГЬУЛАРО. Гьаб дунялалда нилъ ругебгIан заманалда аслияб кьагIида букIине ккола чиясул «Цогидасе квал-квал гьабуге! Залимасдаса хIинкъуге, загIипав кьваридги гьавуге!» ЗалимавзагIипавха я бечельи-мискинлъиялъул рахьалъ, я кьуваталъул рахьалъ, яги хьулухьалдалъун тIад вугев-гьоркь вугев» - абун мухIкан гьабуна гьес жеги лъимерлъиялдаса ватIальичIев дие. Гьелдаса нахъе дирго ботIролъ, дирго гIадалнахалда хьвана дица: «Залимасдаса хIинкъуге, загIипав кьварид гьавуге!» абураб МухIамадица кьураб дарс. Гьеб кьагIида, гьеб МухIамадил дарс дирго лъималазеги кьуна, вацасеги кьуна.

Цоги-цогиги гIемер руго МухIамадил асараздаса жакъасеб кьоялдаги, жакъасеб гIелалъеги кIвар бугел сипатал, пикраби. Жеги тIад вуссилин «КIкIалахъ бахъараб кьвагьиялде». Рагьул заманалда рагьде ине инкар гьабун, мугIрузда, рохьазда рахчарал хьачагьалин абун цIар лъурал чагIи, доба кьвагьи, гьаниб кьвагьи. Жакъаги рагIулеб буго нилъеда кIкIалахъ кьвагьи! ЖАКЪАГИ КЬВАГЬДОЛЕЛ РУГО НИЛЪ!!! Гьелде цониги МухIамадил асаралъ ахIулел рукIинчIо нилъ. Нужецаго пикру гьабе, бицинч1ого ракI чIолеб гьечIо - 1500-ялде гIунтIараб сон буго дунялалда ислам рещтIаралдаса. Инсаниялда ислам чIвазеги, хвезабизеги кIолеб букIарабани, цебего тIагIилаан букIараб ислам! Хасго 19 гIасруялда Европалъул пачалихъаз Африкагун ГIагараб БакъбаккуДа ругелщинал пачалихъал кверщаликье росун, колониябазде сверизаридал, Алжиргун Сирия, доб рахьалда ругел тIолго гIараб пачалихъал самолетазгун гIарадабаз кIалагъоркье сверизаридал! 75 соналъ мерхьана ислам советияб союзалъ, рахчун колхозалъул складазде сверизарурал мажгитазде хьвадулаан рузман кьоялъ цо чанго хараби! Совет союзалда коммунистаздаги, Европалъулазда ГIараб Бакъбаккудаги, Магърибалдаса Машрикалде щвезегIан чIвазе кIвечIеб ислам, гьелъул магIна ккола -Ислам буго Аллагьас цIунараб дин! Жакъа щалали лъаларел чагIи кьватIире рахъунел руго «Ниж ислам цIунун кьватIир рахьарал чагIи руго!» абун. Ислам цIунун абун кьватIире рахьине ккани, Ислам цIунула абун кIудиял рагIаби абизе ккани нилъ руго гьадингосел цIунцIраби, тIутIал, нухлулаб хIур ккола нилъ! Цониги гIалимчияс инкар гьабиларо, гьересилъун бихьизабиларо: чанги чи вукIуна анцI-анцI соналъ исламги гIантаб жо, Аллагьги гьечIо абун кIалъалел. Гьединаздасаги чанги тавбуги гьабун, унго-унгоял дагIватчагIи гьарулел хIакъаб жо буго. ГIалимчиясдасаги бергьарав дагIватчи лъугьуна досул, исламалде ахIула дос! Щай Аллагьасде реххун толареб -гьав мекъаб нухда вуго абун чIвай, дов довехун сверун вуго абун чIвай, гьавцояв полицай вуго абун чIвай, гьаниб кьвагьи, доба кьвагьи! Я гьарин, гьав полицаясулги цIар МухIамад буго, довцоясулги цIар ГIали буго! Дица гьарула нужеда, мекъаб нухда васал ругел улбузда, вацал ругел яцазда, россал ругел лъудбуздаl: АллагьасеI гIоло, кьваригIун буго гьаб кьвагьи лъугIизе, эркенаб нухде щвезе, хIинкъи гьечIеб гIумру бихьараб заман щвезе - бичIчIизабе нужерго лъималазда, вацазда, россазда - «Я дир вас, я дир вац, дуца цIунулеб жо букIунаро ислам! Какги бан, кIалги ккун, «Ла иллагьа иллаЛагь» абун гIодов виччан вукIа мун! ГIарадабаз цIунулеб жо гуро ислам!»- абун.

Дие бокьилаан гьаб районалда, районалда гуребги, Дагъистаналда кьогогIан соналъ нилъ гьанкIезарулеб, аза-азар чIужугIадан кьоролльизарулеб, лъимал бесдаллъизарураб, аза-азар хьизамалъе балагь щвезабураб гьаб терроризм абураб унти нилъедаса ине, батIалъизе. Гьельие букIана мунагьал чураяв МухIамадица хьван «КIкIалахъ бахъараб кьвагьи» , гьединго ракълилаб гIумруялде, берцинаб адабалде ахIулаан цогидалги зулмуялде данде ахIарал гьесул асараз. ТIадвуссун такрар гьабила МухIамадил пикру: цогидасе квал-квал гьабичIого рукIин -гьеб ккола бищун даража цIикIкIараб жо гьаб дунялалда. Гьелде ахIила дица гIолохъабиги, харабиги, эбелэменги, россалгун-лъудбиги.

МухIамад Шамхаловасул захIмат кIодо гьабуна хIукуматалъги. Гьев лъабцIул мустахIикълъана «ЗахIматалъул гIаламат» орденалъе, гIемерал медалазе ва шапакъатазе. Гьединго гьесие кьуна ДАССРалъул культураялъул хIалтIухъан абураб хIурматияб цIар.

ХIукуматалъ жиндир гьабураб кьиматалъул хIакъалъулъ МухIамадица хьвана гьадинал кочIол мухъал.

**ГIарац-меседалъул**
**мугIруздасанги**
**ВатIан, дур баркала**
**кьиматаб буго.**
**Мурад бичIчIулареб**
**гIумруялдасан**
**ЦохIо мун разияб кього**
**бокьила.**

Дирго макъалаялъул ахиралдаги дие бокьун буго кIудияб баркала загьир гьабизе «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор ГIали Камаловасе ва районалъул нухмалъулев АнвархIажи Вечедовасе 24 ноябралда МухIамад Шамхаловас 100 сон тIубаялда бан Агьвали тIобитIараб берцинаб ва аваданаб тадбиралъухъ. РакIрагьараб гьеб дандельи лъугьана МухIамадие нилъеца гьабураб кIудияб сайгатлъун.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2000 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

**Росабазул гIумру**

# Росабалъе нухал къачIана

**ХУШТАДА.** Росдал администрациялъул бетIер Асадулагь ИсмагIиловасул жигарчиялдалъун жамагIаталъ ва росдал администрациялъ гIарацги дандбан, лъабго камаз-машина, трактор ва экскаваторги ккун тIубараб анкьалъ хIалтIун къачIана росулъ жани ругел ва росдадаса Агъвали щвезегIан шагьранухал. Гьединго гьез къачIана подстанциялдасан КIванада ва Лъондода нух бикъулеб бакIалда щвезегIан бугеб нухги. Нухазда бачана 150 камаз- машина чабахалъул. Гьенир гIахьаллъана нусго нусгоялдасанги цIикIкIун гIолохъанчи.



РакIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъ гIолохъабазе баркала загьир гьабуна гьенив гIахьаллъарав ва цогидазе мисалияб куцалда хIалтIарав, росдал администрациялъул бетIер Асадулагь ИсмагIиловас.

Нухазда гьарулел хIалтIабазе кидаго кутакалда кIвар кьола Асадулагьица, гьединлъидал Хуштаде унел нухалги рукIунел кидаго гIадлуялда.

Аллагьас кири кIодо гьабеги гвавулъ гIахьаллъаразе.

**ГЪОРКЬГЬАКВАРИ.** ГIемер заман букIана Гьаквари унел шагьранухал къачIачIого. РукIана гьенир санагIалъи гьечIел сверелалгун эхедераял, цIакъго санагIалъи гьечIеб букIана «Сам подажди» абураб свери. Гьебги хIисабалде босун кIиябго рос-



дал хIукму ккана, ГIабдурахIман Камиловасда аскIоре ине гьеб рахъалъ кумек гьарун. Гьесул разилъиялдалъун моцIалъ цебе байбихьана ТIадгьаквариса бехе гьакварисезул чвахиде щвезегIан нух къачIазе. Гьал къояз гьеб хIалтIи рагIалде бахьана. Гъоркьгьаквари, ТIадгьаквари ва ЦIедакь росдал гIолохъабаз гIемер хIалтIи гьабуна гьеб хIалтIулъ. Хвезаруна санагIат гьечIел сверелал ва эхедераял, рацIана нухал. Гьединго гьаруна нухал кIиябго росдал авалазде. Гьеб хIалтIи гIуцIадго иналъе нухмалъи гьабуна ва жигарчилъи бихьизабуна Гъоркьгьаквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовас. Къойил гьенир хIалтIизе рачIана росдал гIолохъаби Абакаров МухIамад, МуртазагIалиев Рамазан, МухIамадов АхIмад, ГIадбусаламов СултIан, МуртазагIалиев Шамил, Нажмудинов Назир, ХIажимурадов МухIамад.

Гьакварисезе нухда гьабулеб хIалтIуе кумек гьабуна районалъул нухазул участкаялъги: кIиго-лъабго къоялъ хIалтIизабизе кьуна камаз, гьединго кьуна цемент, нухлул раг1алда лъезе бетоналъул хIубал.

Хасго лъикIаб хIалтIи гьабуна тракторист Сажидов ГIабдулагьица, эксковаторщик Багьадуров ХIажимурадица, камаз машиналъул шоферзаби АхIмадица, Камилица, Русланица.

Гьабураб хIалтIудаса разиго руго кIиябго росдал жамагIат ва баркала загьир гьабулеб буго гьеб рахъалъ кумекалъе ватарав Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасе, гьесул Агъвали участкаялда вугев нухмалъулев МухIамад Загьидовасе, районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулесул заместитель Шамил Г1умаровасе ва лъабабго росдал гIолохъабазе.

**М. Къасумов**

**Дагъистаналъул халкъияв артист Каримула Г1абдулаевасде**

# Бакъназул устарасде

Багваллъиялдаго цIар тIибитIарав
Хуштада вижана, Каримула, мун.
Накъира меседил накъищ гьабураб
Квераца гIодизе гьабула дуца.

ГIадамазул ракIал рохизаризе
Эбелалъ гьавурав ватила, гьудул.
Гьаб нилъей бокьулеб Дагъистаналда
Мун лъаларев гIадан ватизе гьечIо.

РикIкIадаб ЦIумада цIвабзазда гьоркьоб
ЦIар дуцаго хьвана, дурго квераца.
ВатIанги бокьулев, халкъги бокьулев
Халкъиял кучIдузе бакъналги хьвалев.

Композиторасул цIар цебего щварав
Цевехун ана мун, цIар борхалъана.
ЦIоралал мугIрузда хIанчIаз кинниги
ХIеренго ахIула дуца «Фарида».

ЦIумадисезул гимн ахIулеб мехалъ,
Магъилъ руччабаца хIалтIи рехула.
Кинида рукIадго, рокьи гьабулел
Хуштадерий дуца гьабураб бакъан.

ТIамир Синдикъовас нагагь ахIани,
СихI къотIун чIолаан тIолабго мажлис.
Гьизилюрталъги мун кIодо гьавуна
ГIадатав вукIиналъ къимат гьабуна.

Къадру дур цIикIкIана цIумазда гьорлъги,
ЦIиял дуца хьварал бакъназда рекъон.
КучIдул жакъа руго ахIулел кирго
МагIарулазул ракIал асирги гьарун.

Гьале жакъа дида рагIана, гьудул,
Халкъияв артист цIар дуе кьунилан.
ЦIакъго дун вохана, рохел рещтIана,
Гьеб асаралда гьорлъ хьвана дуде кечI.

ЧIухIи рекIелъ щвана, шапакъат кьедал,
Щвараб дуе гьеб цIар цIунизеги лъан,
Цевехун ине дуй сахлъи гьарула,
Сахалщиназ дуе чIвай абе хьатал.

**Муса МухIамадов,** росу Чонтаул

**Спорт**

# ЦIурисан медалалгун руссана

Арал гIодоркьояз ЧIарада мухьалъул ЦIуриб росулъ тIоритIана гIисинаб гIелалда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъулаб турнир. Гьениб гIахьаллъана нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортшколалъул командаги.



ГIабдулвагьабов Камилие 46 кг цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI, гьесул кIудияв вац Шамилие 50 кг. цIайиялда-кIиабилеб бакI. Гьединго кIиабилеб бакI щвана 32 кг. цIайиялда МухIамадов АхIмадие ва 38 кг. цIайиялда лъабабилеб бакI щвана ГIабдулхаликъов МухIамадгIалие.

Баркула гIолохъанал гугарухъабазда щварал бергьенлъаби ва гьарула хадубккун икъбал.

**Ш. Сажидов**